



## Maladi ki Bay Dyare

### Kisa maladi ki bay dyare yo ye?

Se akòz mikwòb maladi ki bay dyare yo tankou (bakteri, parazit oswa viris) grandi nan (entesten yo) epi pase nan kò a nan pou pou. Nenpòt moun kapab pran maladi ki bay dyare epi yo kapab gen maladi yo anpil lòt fwa ankò. Moun ki gen mikwòb nan pou pou yo ka gen dyare oswa yo ka santi yo malad. Tès laboratwa se sèl fason pou di si pou pou yon moun gen mikwòb ladan.

### Kijan maladi ki bay dyare simaye?

Lè moun pa lave men yo byen apre yo manyen twalèt, apre yo chanje kouchèt, oswa apre yo ede yon timoun itilize twalèt, mikwòb ki twò piti pou yo wè rete nan men moun yo ak nan men timoun nan. Answit mikwòb yo kapab simaye nan nenpòt bagay yo manyen (tankou manje, bwason, ak jwèt) epi answit nan men ak bouch lòt moun. Answit lòt moun vale mikwòb yo ki grandi andedan yo epi lakòz yon enfeksyon. Maladi ki bay dyare kapab simaye fasil pami timoun paske li nòmal pou timoun yo mete men yo nan tout bagay, epi anpil nan timoun yo twò jèn pou yo lave men yo byen.

### Kijan doktè dekouvri yon moun ki gen maladi ki bay dyare?

Yo kapab dekouvri kèk nan maladi sa yo lè yo analize pou pou a anba yon mikwoskòp. Yo kapab dekouvri kèk ladan yo lè yo devlope mikwòb yo nan laboratwa, epitou yo kapab dekouvri lòt yo avèk tès chimik nan laboratwa. Paske mikwòb yo transmèt nòmalman nan pou pou yon fason ki pa regilye, yo ka bezwen analize echantiyon pou pou yo pran pandan anpil jou.

### Kijan ou sispann maladi sa yo simaye?

- Sonje pou fè tout moun lave men yo avèk savon ak dlo *apre* yo itilize twalèt, apre yo ede yon timoun itilize twalèt, oswa apre yo chanje yon kouchèt, epitou *anvan* yo prepare manje oswa anvan yo manje. Ou dwe lave men tibebe yo ak timoun yo tou nan moman sa yo. Yon rensaj rapid **pa** ase, sonje pou lave men ou avèk dlo tyèd ak savon pandan omwen 15 segonn.
- Si yon moun lakay ou gen dyare, ou ka vle pale avèk pwofesyonèl swen sante ou. Sa enpòtan sitou si yon moun lakay ou manyen oswa prepare manje kòm yon djòb l ap fè.

Anpil moun ki gen maladi ki bay dyare pa bezwen medikaman. Anjeneral sentòm yo ale nan 2-5 jou. Si ou gen san nan pou pou ou (entesten), oswa si sentòm yo pa sispann oswa si yo grav, ou ta dwe pale avèk pwofesyonèl swen sante ou. Pwofesyonèl swen sante ou ap decide si oumenm oswa lòt moun lakay ou bezwen tretman.